

## **On ti konvèsayon sou Avan, Avent , Advent**

Advent an angle, Avent an franse; du latin adventus, advenire, à venir, arriver. Se on period 4 semenn, on preparasyon spirituel kote kretyen ap tann nesans Mèsi a, Jezi, Jesus, Yeshua. Lan legliz Katolik, Period Avan tou se komansman Ane Liturgique la ki ane C an 2018-2019. Twa (3) lan kat (4) dimanch yo selebran mete vètman mov. 3èm dimanch Avan an la ki rele *Gaudete Dimanche* ( petite réjouissance) la selebran an pote vètman woz .

Pannan period Avan, Legliz la gen on kouwòn ki gen 5 syèj ( cierge(s) an franse, candle(s) an angle) , twa (3) mov/violet e on (1) rose ki on woz on tijan fonse. Chak dimanch yo legliz lumen on bouji. Twazyèm (3èm) dimanch la Dimanche Gaudete ( petite réjouissance), se syèj rose (woz) la ki limen. Legliz la limen syèj blan lan mitan ki senbolize , purete limyè e letènité Christ jou Noël la. Gen pawas ki limen 5èm nan la dènye dimanch Avan an . Genyen tou ki retire bouji/kouwòn Avan yo distans pou mès Noël yo. Gen legliz ki kite yo jiska Epiphany/ Epiphanie ou Les Rois .

Men siyifikasyon Senbòl (Symbol) syèj ki limen youn chak Dimanch Avan yo :

Premye Dimanch Avan- Mov/Violet senbolize Espwa.

Dezyèm (2èm) dimanch la violet/mov senbolize Lapè, Bethlehem, Preparasyon.

Twazyèm (3èm) Dimanch la Woz( Rose) senbolize–senbolize Lajwa, Rejwisans. Se on ti poz espirityel kouwè Dimanche Laudete pou Careme.

Katriyèm (4èm) dimanch Avan, Mov/ Violet senbolize Lanmou.

Senkyèm (5èm )syèj lan mitan an- Blan an senbolize limyè, pureté.

Kouwòn won an ke bouji yo plase/chita sou li an senbolize letènité Christ la.

Nekita Lamour , M.Ed, MTS – December - Desanm - Décembre 2018

